



Konsiy:

- 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
- 2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

M PRALE CHACHE TRAVAY

Gaston leve bonè. Lè li fini ranje malèt li, li abiye byen bwòdè, li souke tant Lwizina lan kabann.

- Mwen prale, tant Lwizina.
- Ou prale ki bò?
- Pòtoprens.

Lwizina leve; li rale yon chèz, li chita. Li rekanpe. Li pran dlo lave figi l pou wete rès dòmi lan je li.

- Gaston, kote w prale?
- Pòtoprens.
- Tigason, sa w pèdi lavil?

- Mwen bouke manje mizè bwanèf. Mwen pral chèche travay Pòtoprens. Lè sa bon, m a tounen isit.

De ran dlo kouri lan je Lwizina. Li pale; li mache; li chita; li leve. Gaston derefize tande rezon. Poutan, kè li ap rache. Lè li santi kriye lan wout, li kouri bò tant Lwizina ak fòs, li pran malèt li tou dousman; li kannale lan granchemen. Kou li rive lan koukò bò kay Fabi a, yon machin okazyon tonmblokoto parèt tou limen. Kè Gaston fè vap! Anvan li monte, li vire gade.

Bayawonn, raje, pye bannann, nas pwason, kay pay ak zwazo pran danse lan tèt li. Gòj li vini sere. Kanyon an derape ak yon bri lanfè. Pousyè gaye. Gaston voye je li yon dènye fwa sou bwanèf. Solèy te fèk fini pouse kòn dèye yon vye mòn deplimen.

Dezafi, pp.91-93

Premye pati

A) Konprevansyon tèks (6 pwen pou chak kesyon)

- 1- Ki lè Gaston kouri bo tant Lwizina?
- 2- Bay tit tèks la epi bay 2 karakteristik ki jistifye repons la.
- 3- Daprè ou menm, poukisa de ran dlo kouri nan je Lwizina?
- 4- Otè a di: "Yon machine okasyon tonmblokoto". Fè deskripsyon machine sa a nan yon fraz.
- 5- Kisa pèsonaj prensipal la pral chèche Pòtoprens?

B) Gramè—Vokabilè—Tradiksyon (6 pwen)

1- Ki tip predika nou genyen nan fraz sa yo?

- a) Mwen prale, tant Lwizina.
- b) Gaston saj anpil anpil.

Ch) Bayawonn, raje, pye bannann, nas pwason...pran danse nan tèt Gaston.

- d) Direktè a nan lekòl la.
- e) Jak Okap.
- f) Li bò lakay mwen.

2- Bay nati sibòdone ki nan fraz sa yo. (8 pwen)

- a) Lè li santi kriye nan wout, li kouri bo tant Lwizina.
- b) Si mwen te gen konpetans, mwen t ap jwenn travay sa a.

Ch) Mwen ta renmen konnen ki moun ki retire kaye kreyòl mwen an.

- d) L ap pale pandan l ap fè travay la.

3- Anplwaye mo sa yo nan yon lòt kontèks. (10 pwen)

- a) Kabann: _____
- b) Chita: _____

Ch) Je: _____

- d) Kè: _____

4- Tradui fraz sa yo an kreyòl: (6 pwen)

- a) Mon garçon, que vas-tu donc chercher à la capitale?
- b) Quand j'aurai réussi à améliorer ma vie, je reviendrai au pays.

Dezyèm pati (40 pwen)

Pwodiksyon tèks

Chwazi youn nan sijè sa yo:

1- Nan yon tèks deskriptif ak sekans enfòmatif, reli tèks la kòm sous enspire pou ou dekri zòn bò lakay ou lè lapli fin tonbe. Ensiste nan tèks deskriptif ou a sou aspè anviwònman an.

2- Pandan peryòd kowonaviris la ou te viv yon pakèt eksperyans tankou: lave men, touse nan koud, respekte distans sosyalizasyon... Rakonte nou kijan ou te viv peryòd sa a. Pa bliye mete nan tèks naratif ou a yon sekans enfòmatif sou kesyon kowonaviris.